

Resèt Jenetik



Alfabèt ADN

ADN nou itilize 4 pwodwi chimik, ki abrevye A, T, C, ak G, kòm kòd li pou ekri enstriksyon pou kò nou ki tankou se resèt.

AT
CG



Jèn = Resèt

Nou ka konsidere yon jèn tankou yon resèt nan yon liv kizin.

Kwomozòm = Liv Kizin

Jèn yo regwoupe an kwomozòm. Sa vle di, nou ka konsidere yon kwomozòm tankou yon liv kizin ki gen yon pakèt resèt.



Jenòm = Koleksyon Liv Kizin

Jenòm nan se yon ansanm konplè ki gen 47 liv kizin: 23 sòti nan chak paran PLIS ADN mitokondri siplemantè a.

Pwodwi Final

Menm jan resèt la di nou fason pou prepare yon gato, resèt jenetik nou an di kò nou fason pou li pwodwi bagay nou bezwen pou devlope ak pou fonksyone.



CHANJMAN JENETIK: KIZIN



Kijan yon chanjman nan yon resèt (oswa jèn) ka chanje pwodwi final la?

Resèt 1

Alfabèt
ADN


Lèt pou ekri
resèt yo.

ATG
GCA
GGC

Chokola

Jèn = Resèt

Pou nou swiv resèt la,
nou pral itilize
chokola.



Gato Chokola

Pou swiv resèt sa a ki te
utilize chokola a, nou te kwit
yon gato chokola nan fou.



Resèt 2

Alfabèt
ADN


Lèt pou ekri
resèt yo.

ATG
GCG
GGC

Fwomaj


Jèn = Resèt

"Chokola" ki nan
resèt la te chanje an
fwomaj.



Gato fwomaj

Apre resèt sa a ki te utilize
fwomaj la, nou te kwit yon
gato fwomaj nan fou.



Chanjman ki nan resèt la ki transfòme de chokola an fwomaj la te chanje gato ki te kwit nan fou a. Menm jan ak jèn nou yo, yon chanjman nan òtograf jenetik ADN nou an ka lakòz kò nou pwodwi yon pwodwi diferan. Genyen anpil egzanp chanjman jenetik ki lakòz moun genyen ti diferans tou piti tankou de gato yo nan egzanp sa a. Chanjman jenetik yo se sa ki rann moun genyen diferan koulè zye, cheve, ak anpil lòt!